

<https://attorneygeneral.delaware.gov/publictrust/>

Konsènan Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la

Pwokirè Jeneral Matt Denn te kreye Biwo Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la an janvye 2015 pou bay pouvwa jiridik pou asire ke yo adrese pwoblèm enpòtan sa yo epi pou bay yon pwen kontak pou manm piblik la.

Pwokirè Jeneral Denn te bay nouvo biwo a misyon pou pwoteje dwa endividyèl ak libète abitan Delaware yo, fè respekte lwa ki fèt pou asire konfyans sitwayen yo nan gouvènman an, epi mennen ankèt kote lòt responsablite Depatman Lajistis la ta ka bay enpresyon yon konfli enterè. An 2020, Pwokirè Jeneral Kathy Jennings te defann avèk siksè yon lejislasyon ki te elve Biwo a nan nivo yon Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik pèmanan.

Ou ka kontakte Divizyon an pa imèl nan publictrust@delaware.gov oswa lè w rele (302) 577-5400.

Abitan Delaware ki vle pote yon plent nan Divizyon an **DWE** ranpli fòm plent la epi mete tout enfòmasyon ki enpòtan yo ak enfòmasyon pou kontakte yo. Y ap voye fòm plent lan otomatikman bay Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la. Tanpri sonje ke Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la pa ka bay konsèy jiridik endividyèl epi nan kèk ka, anboche yon avoka prive ka nesèsè.

Kat domèn prensipal responsablite Divizyon an se:

- Ranfòsman lwa Delaware ki pwoteje dwa ak libète abitan Delaware yo, ki gen ladan, men pa sèlman dwa konstitisyon Delaware ak Etazini yo garanti yo, lwa sou akomodasyon piblik Delaware yo, lwa sou diskriminasyon nan lojman, lwa sou diskriminasyon nan kesyon travay, ak lwa ki pwoteje dwa edikasyonèl timoun ak dwa abitan Delaware ki gen andikap yo.
 - Ranfòsman lwa ki fèt pou asire ke sitwayen yo gen konfyans nan gouvènman an, tankou lwa eleksyon, lwa ki gouvènè itilizasyon fon piblik yo, ak lwa ki gouvènè konduit anplwaye piblik yo ak ofisyèl yo. Nan domèn sa yo, Divizyon an pral travay an kolaborasyon ak Komisyone Eleksyon an, Komisyon Entegrite Piblik ak Oditè Eta a.
 - Ankèt kote lòt responsablite Depatman Lajistis la ta ka bay aparans yon konfli, tankou ankèt sou itilizasyon fòs yon ofisye lapolis ak ankèt sou lanmò oswa tou pre lanmò timoun anba sipèvizyon leta.
 - Ankèt sou ofisye ki fè respekte lalwa kote te gen tire. Ankèt yo detèmine si wi ou non itilizasyon fòs yon ofisye lapolis se yon zak kriminel. Ankèt yo pa etabli oswa fè respekte règleman entèn lapolis konsènan itilizasyon apwopriye fòs ofisye lapolis yo. Ajans ki fè respekte lalwa yo responsab pou etabli ak fè respekte direktiv pou ofisye yo sèvi ak fòs ak pou detèmine si wi ou non aksyon yon ofisye te konsistan avèk direktiv sa yo nan yon ka patikilye. [Gade rapò ki disponib yo.](#)
-

[Gade Kesyon yo Poze Souvan yo](#)

[Depoze yon Plent](#)

Anvan ou depoze yon plent, tanpri li [Kesyon yo Poze Souvan sa yo](#) byen pou asire ke plent ou a tonbe anba jiridiksyon Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la. Abitan Delaware ki vle pote yon plent nan Divizyon an DWE RANPLI [fòm plent sa](#) epi mete tout enfòmasyon ki enpòtan yo ak enfòmasyon pou kontakte yo. Y ap voye fòm plent lan otomatikman bay Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la.

*** Tanpri sonje ke Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la pa ka bay konsèy jiridik endividyèl epi nan kèk ka, anboche yon avoka prive ka nesesè. ***

[Kisa k ap Pase Apre yo Fin Depoze yon Plent?](#)

Yon fwa ou depoze yon plent, w ap resevwa yon imèl nan men yon manm Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la ki rekonèt li resevwa fòm plent lan. Avoka nou yo ap revize epi evalye plent ou an pou detèmine si gen yon baz ki ase pou Pwokirè Jeneral la adopte kèk mezi.

Nou ap revize pwoblèm nan pi rapid ke posib; sepandan, tanpri sonje ke moun ki pote plent yo pa jwenn enfòmasyon sou pwogrè konsènan plent yo oswa sou sitiyasyon plent lan, paske sa ka entèfere ak pwosesis lapolis. Pou rezoud plent ou an, nou ka voye tou yon kopi lèt ou a bay moun, ajans oswa minisipalite w ap plenyen pou li an.

Tanpri konprann ke lè w depoze yon plent nan Divizyon sa a ou PA lanse yon pwosè oswa yon pwosedi, ni Divizyon sa a pa te lanse yon pwosè oswa yon pwosedi nan non w. Divizyon sa a pa ka bay konsèy jiridik endividyèl, epi, nan kèk ka, anboche yon avoka prive ka nesesè. Association Bar Eta Delaware la ka ba w referans.

Yon manm nan Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la pral kontakte w apre revizyon nou an fini epi yo pran yon detèminasyon sou aksyon ki apwopriye a.

[Pwogram pou Inosans ki Reyèl](#)

Pwogram pou Inosans ki Reyèl Depatman Lajistis Delaware la fèt pou asire ke DOJ okouran de, epi pran aksyon korektif konsènan, moun ki nan prizon kote prèv anpirik etabli inosans yo. Yon pati nan angajman DOJ pou fè jistis la se asire ke moun ki pa koupab pou krim yo pa soufri sanksyon pou kriminel yo.

Pwogram pou Inosans ki Reyèl DOJ la pa fèt pou pran plas pwosesis ki egziste deja nan Delaware tankou pwosesis klemans konstitisyon an etabli atravè Komisyon Konsèy pou Padon yo.

[Aprann Plis](#)

Resous ki Itil yo

Si w vle kontakte Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la epi w pap depoze yon plent, tanpri voye yon imèl nan PublicTrust@delaware.gov oswa rele (302) 577-5400